# DUNYA TIL ILIMINDE GENDERLIK IZERTLEWLERDIŃ PAYDA BOLIWI

**Gozzal Sailaubaeva Azatovna,**
*Salistirmali a'debiyattaniw, salistirmali il bilimi ha'm awdarmashiliq 1- kurs doktoranti*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15689365**

Til ilimi bul úlken bir okean sıyaqlı, onıń bir jaǵasınan ekinshi jaǵasına júzip barıw ushın hátteki pútkil bir insan ómiri jetkiliksiz. Sebebi ondaǵı biz bilmegen sıyqırlı dúnyanı tanıw, úyreniw izleniwshiden kútá sabırlıqtı puxtalıqtı talap etedi. Zaman rawajlanıwı, hár túrli salalarda reformalardıń bolıwı, insanlardıń túrlishe kóz-qarasları til bilimine de óziniń tásirin tiygizbey qoymadı. Usı barıstan, til iliminde 60-70- jıllarda jańadan "gender" termini qollanıla basladı.

Gender termini ko'pshilik ilimpazlar túrlishe sıpatlamalar beredi. Mısalı ushın, "gender" bul tek ǵana biologiyalıq sıpattı bildiriwshi degendi ańlatadı delinse, al basqa alımlar onı jámiyet penen baylanıslı yaǵnıy sol belgili bir jınıs iyeleriniń sol jámiyet ta'repinen endirilgen qaǵıyda, dástúrlerge boysınǵan halda qáliplesiw dep pikirler bildiredi.

Atap aytqanda, V.A. Kirilina: bul yáki sol jınısqa tiyisli bolıwdı anıqlaw tek ǵana anatomiyalıq hám fizikalıq qásiyetleri arqalı emes, al bálkim sol yáki basqa jámiyette belgilegen genderlik rollerdi atqarıw arqalı anıqlanadı [5;19] dep óziniń bahalı pikirlerin bildrip o'tedi. Gender tu'sinigi keń qamırawlı bolǵanlıqtan ol tikkeley jámiyet penen baylanıslı boladı.

P. Ekkert hám S. Makkonel-Djaynet gender erkekler hám háyellerdiń tutqan ornı hám minez- qulqın tu'sindiriwshi adamnıń jınıslıq o'zgeshelikleriniń sociallıq maslasıwı dep maqullaydı. Olardıń pikirinshe, erkek hám háyeldi anıqlaw, sonday-aq jámiyette tutqan orınlardı bólistiriw oǵada sociallıq xarakterdi óz ishine aladı, yaǵnıy genderlik orınlardı (rollerdi) adamlardıń minez- qulqın tártipke salıwshı, hám jámiyetten ráhatleniwshi "úyretilgen minez-qulq modelleri" dep anıqlastırsaq boladı [2;48]. Solay etip, gender- bul tek ǵana biz bar ekenimiz emes, al biz ózimizdi qalay tutatuǵınlıǵımız. Mısalı ushın, erkek adam qorıqpawı kerek, jılamawı kerek, emociyaların kórsetpewi kerek dep esaplanadı, qalǵan bárshe sheklewler jámiyet tárepinen qaralanadı. Yaǵnıy belgili bir jámiyet jınıs wákillerine qanday kóz- qarasta qarasa gender túsinigi de sol kórsetpelerge boysınadı.

Bunnan tısqarı, I.Gofman óz izertlewlerinde gender displeyı túsinigin kirgizedi, bul túsinik arqalı I.Gofman belgili bir jınıs wákilleriniń minez-qulqın belgileytuǵın mádeniy normalardıń oǵada kóp túrliligin túsinedi. Basqasha aytqanda, bul genderdi qáliplestiriw mexanizmi. Bul túsinikke stereotipler, minez-qulıq modelleri, mádeniy

normalar kiredi. Gender displeyi pikirlew, minez-qulıq, shaxs ózgeshelikleri, qádiriyatlar sisteması hám basqalarǵa tásir kórsetiwshi hár qıylı gender texnologiyaları járdeminde jaratıladı dep atap ótedi [4;210].

Usı sıyaqlı kóplegen alımlar gender túsinigin jınıs mánisinen awısıp jámiyet penen baylanısqa halda qáliplesiwshi termin esabında qaraydı. Biraq bul terminniń mánisin beriwshi ingliz tilinde “sex” ya’ki jınıs sózleri anaǵurlım aldınraq alımlar tárepinen qollanılıp, izertlenip baslaǵan. Lingvistikalıq ádebiyatlarda "gender" termini kóp qollanılmaydı. Gender ayırmashılıqlardı izertlewshi ilimpazlardıń kópshiligi "sex" (pol/sexus) sózin qollansa da, inglis tilindegi miynetlerde eki atama bir waqıtta qollanıladı. Geyde "gender" termini hám "rod" sózi egiz sıpatında qollanıladı. Bulardıń barlıǵı gender izertlewlerinde atamalardıń aljasıwına alıp keledi [10;80].

Biraq keyinshelli ilim- pánde ózgerisler, rawajlanıwlar bolıwı, jámiyettegi ózgerisler alımlardıń kóz- qaraslarına tásir kórsete basladı yaǵniy erkek hám háyel ortasindaǵı ayırmashılıq onshelli kóp emes, tiykarǵı ayırmashılıǵı olardıń násil qaldırıwındaǵı tutqan ornı, qalǵan fizikalıq ózgeshelikleri derlik birdey dep keltirip ótiwshilerde boldı.

A.V. Kirilinge uqsaǵan ayırım alımlar erkek ha’m háyeller ortasındaǵi birden-bir ayırmashılıq olardıń násil qaldırıwdaǵı tutqan ornı, al basqa qalǵan sıpatları birdey dep oylaydı. Zamanagóy izertlewler boydıń uzınlıǵı, fizikalıq kúsh hám t.b. sıyaqlı fiziologiyalıq ayırmashılıqlar hárdayım da hám onshelli jınıs penen baylanıslı bolmawın kórsetedi. Mısalı ushın, házirgi waqıtta aldınǵıdan kóbirek háyeller fizikalıq kúshti talap etetuǵın awır miynet penen shuǵıllanbaqta. Bodibilding, boks sıyaqlı erkekler ushın arnalǵan sport túrleri menen shuǵıllanıwshı háyel-qizlarımız anaǵurlım. Kóbirek háyel- qizlar erkeklerge tán kásiplerdi saylap atır: kompaniya bas direktorı, aydawshı, kosmonavt, qurıwshı hám t.b.

Fiziologiyalıq ayırmashılıqtan basqa adamlardı jámiyette tutqan ornına, jumıs alıp barıwına, minez- qulq ayırmashılıǵında hám emociyalıq sıpatlarına qarayda ajıratıw bar. Erkek hám háyellerdiń túrli sociallıq rolleriniń bar bolıwı, sonday-aq adamlardıń biologiyalıq jaqtan uqsaslıǵı sonı kórsetedi yaǵnıy jınıstıń biologiyalıq sıpatlaması bul yáki ol jámiyette bar bolǵan tártip hám sociallıq rollerdiń ayırmashılıqların túsindirip bere almaydı. Solay etip, jınıstıń genderden ayırmashılıǵın I.V. Dreval so’zleri menen túsindirsek boladı, dóngelek stol aylanasında aytılǵanlardan “Genderlik izertlewler: maqset hám nátiyjeler”: “Jınıs- bul kiyimsiz erkek hám nashar, al gender- álleqashan kiyingeni” [8;369-370]. Bul degeni, jınıs bul tuwılǵanımızda hesh qanday sırtqı tásirlersiz bolıwımız, al gender bul

waqıtlar júdá qorshaǵan ortalıqqa tán zatlardı qabıllay otırıp kónlikpeler arttırǵan son payda bolıwı dep túsiniwimiz múmkin.

Til hám jınıs baylanısı birinshi ret antik dáwirde rod grammatikalıq kategoriyasın túsiniwde qaralǵan. Uzaq waqıt dawamında biologiyalıq jınıstı genus grammatikalıq kategoriyası menen baylanıstırıwǵa tiykarlanǵan simvoliko-semantikalıq teoriya birden-bir teoriya bolıp keldi. Basqasha aytqanda, grammatikalıq rod kategoriyası adamlardıń hár qıylı jınıslı bolıwı sebepli payda bolǵan dep esaplanǵan. Bul teoriyanı Ya. Grimm, V. Gumboldt, hám basqa sıyaqlı alımlar qollap- quwatlaǵan.

Genderologiya ilimindegi tiykarǵı jumıslardan biri Vilgelm fon Gumboldttiń (1767-1835) "Jınıslar arasındaǵı ayırmashılıq hám onıń organikalıq tábiyatqa tásiri haqqında"ǵi maqalası bolıp tabıladı. V. fon Gumboldt eń iri tilshi ilimpazlardıń biri edi.

V. fon Gumboldt "Jınıslar arasındaǵı ayırmashılıq hám onıń organikalıq tábiyatqa tásiri haqqında" degen miynetinde, bálkim, birinshilerden bolıp erkek hám háyel jınısları arasındaǵı ayırmashılıq mashqalasın hám bul ayırmashılıqtıń tábiyatqa tásirin kórip shıqqan. Ol bılay dep jazǵan edi: "Fizikalıq tábiyat ádep-ikramlılıq tiykarı menen bir ullı bir pútinlikti quraytuǵının hám ol hám basqa qubılıslar birdey nızamlarǵa baǵınatuǵının biykarlap bolmaydı.

V. fon Gumbolt óz miynetinde erkekler jınısına islep shıǵarıwshı kúsh, háyeller jınısına bolsa qabıl etiwshi kúsh tán ekenligin kórsetedi. V. Fon Gumbolt tusiniginde femininlik - bul tábiyiy forma bolıp, maskulinlik oǵan civilizaciyalıq forma beredi. Erkeklik belsendilik hám baslamashılıqtı bildirse, háyel adamgershilik passivlik hám boysınıwshılıqtı bildiredi.

Simvolik-semantikalıq teoriya rod kategoriyası bolmaǵan tillerdiń ashılıwı menen baylanıslı túrde gúmanǵa ushıradı. Biraq grammatikalıq rod kategoriyasınıń sózlerdiń qabıl etiliwine tásir etiwi ózgerissiz qaldı. Demek, háyellerdiń sózlerine háyellerdiń, erkeklerdiń sózlerine erkeklerdiń sıpatları berilgen.

V. fon Gumboldt dáwirinen baslan gender izertlewleri basqasha formaǵa iye boldı. XX ásir baslarında jınıstıń tilde sáwleleniwi teması F. Mautner hám O. Espersenlerdiń dıqqatın ózine tarttı. 1913-jılı F. Mautnerdiń tildi sınǵa alıwǵa baǵıshlanǵan miyneti baspadan shıqtı. Ol tildiń metaforalıq xarakterin atap ótedi, ol tillik emes tájiriybeniń tillik bayanlawǵa awdarılıwında kórinedi hám sol arqalı biziń dúnya kartinamızdıń subektivligin támiyinleydi.

Nemis tilindegi atlıqlardıń grammatikalıq rodın izertlep, F. Mautner grammatikalıq rodlarǵa bóliniw metafora, sonday-aq, erkek hám hayal rodındaǵı

predmetlerge sáykes erkek hám hayal xarakteristikaların beriw degen juwmaqqa keledi. Onda rodtıń bar ekenligin ol predmet haqqındaģı metaforalıq kórinislerdiń joqlıģı menen túsindiredi. Solay etip, ol simvolikalıq-semantikalıq gipotezaģa qarsı shıģadı. Ol óz miynetinde nemec tiline tán bolģan genderlik ayırmashılıqlardı kórsetip, bul ayırmashılıqlardı sociallıq hám tariyxıy sebepler menen túsindiredi. Sonday-aq, ilimpaz tildiń sóz qollanıwındaģı hám fonetikalıq dárejesindegi erkekler menen hayallardıń minez-qulqınıń ózgesheliklerin anıqlaydı hám túsindiredi. F. Mautner tilden dóretiwshilik penen paydalanıw - bul erkeklerdiń artıqmashlıģı, háyel-qızlardıń úlesi bolsa tek ģana erkekler jaratqan tildi ózlestiriw, degen juwmaqqa keledi [3;14-16].

XX ásir baslarında belgili alım Z. Freyd "anatomiya bul táģdir" degen edi. Bul pikir, erkekler hám háyeller arasındaģı anatomiyalıq ayırmashılıqlar olardıń tariyx hám jámiyettegi ornın belgileydi. Z. Freyd mádeniyattı erkektin háyelge bolģan jınısıy qushtarlıģınıń qanday da bir sublimaciyası sıpatında kórsetedi. Bunda ol háyeldiń jalģız wazıypası perzent tuwıw, basqa hesh nársege uqıplı bolıwı múmkin emesligin bildiredi [9;27].

XX ásirdiń 60-70-jıllarınıń aqırında ilimpazlar "Jańa hayal-qızlar háreketi" sebepli gender izertlewlerine itibar qarata basladı [7;44].
Bul háreket lingvistikanıń jańa baģıtı - feministikalıq lingvistika yamasa tildi feministikalıq sınģa alıwdı baslap berdi. Bul baģdar gender lingvistikasınıń dáslepki baģdarı boldı. Feministlik lingvistikanıń payda bolıw tariyxı shama menen qırq jıllıq dáwirdi óz ishine aladı. 1970-jılı Kaliforniya universitetinde Meri Rich Key basshılıģında til hám jınıs mashqalaları boyınsha birinshi seminar shólkemlestirildi. Sońınan ol 1975-jılı usı seminar materiallarınan paydalanıp "Erkekler/háyel-qızlar tili" atlı kitap shıģardı.

Tildi feministlik sınģa alıw boyınsha tiykarģı jumıslar qatarında 1975-jılı shıqqan R. Lakofftıń "Language and Womańs Place" atlı izertlewin atap ótiw múmkin, ol tilde qayta islenip atırģan dúnya kartinasındaģı androsentrizm (erkekke baģdarlanģanlıq) hám háyel-qızlar obrazınıń kemshiligin tiykarlap bergen. Bul teoriya háyel -qızlar sóziniń "jetispewshiligi" teoriyası (deficit model) dep ataldı. R.Lakoff "háyel -qızlar tili" hám "erkekler tili" túsiniklerin kórip shıģadı [6;56-62].

Jámiyet rawajlanıwınıń házirgi basqıshında sociallıq, kásiplik hám shańaraq turmısındaģı jınıslar arasındaģı shegaralardıń joģalıwı júz bermekte. Barģan sayın kóbirek háyel-qızlar basqarıw lawazımlarına iye bolmaqta, aylıqlardaģı ayırmashılıq qısqarmaqta, háyel-qızlar siyasiy jumıs penen shuģıllanbaqta. Bul ózgerisler gender izertlewleriniń rawajlanıwına tásir etpey qalmaydı. Máselen, kásip tarawında

qollanılatuǵın genderlik ózgesheliklerdi izertlew barǵan sayın keńnen en jayıp barmaqta.

Eń áhmiyetli jumıslar qatarında Sh.Kendall hám D.Tannen birgeliktegi "Gender and Language in the Worklace" atlı jumısın atap ótiw múmkin. Bul jumısta avtorlar bul tarawdaǵı gender izertlewlerdin eki baǵdarın ajıratıp kórsetedi: 1) jámiyette erkekler hám háyellerdiń jumısına itibar qaratıwshı izertlewler; 2) abıroylı shaxs poziciyasındaǵı erkekler hám háyeller kommunikaciyasın úyreniwge qaratılǵan jumıslar.

Sonıń ushın, jámiyet strukturasında júz berip atırǵan ózgerisler sebepli gender izertlewleri jańa rawajlanıwǵa qádem qoymaqta, dep juwmaq shıǵarıw múmkin.

Juwmaqlap aytqanda, házir zaman til biliminiń rawajlanıp barıwı usınday ele sheshilmegen máselelerdi izertlewdi talap etedi. Genderologiya lingvistikanıń bir tarawı esabında ele de tereńirek úyreniwlerge mútáj sebebi ol insan hám jámiyet penen tikkeley baylanıslı. Onıń házirgi zaman til bilimindegi rawajlanıwın meńgermesten aldın, túp negizine az bolsada kóz juwırtqanımız durısraq boladı. Joqarıdaǵılardan biliwimiz múmkin gender bul tek ǵana anatomiyalıq ajıratıw emes bálkim sol jınıs wákillerine say qásiyet, sıpatlama hám sol jámiyet tárepinen jınıs iyeleri ushın tán alinǵan negizler, kóz-qaraslar esaplanadi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Dilek Buyukahishka “Gender and Language”, 2011.
2. Eckert, P. & McConnell-Ginet, S. Language and Gender. New York: Cambridge University Press., 2003.
3. Furmanova S.L. “Лингвокритическая концепция Фрица Маутнера”: автореф. дис... канд. филол. наук 10.02.19. / Moskva: 2006. — 24 b.
4. Goffman E, «Gender Display», in C. LemertandA. Branaman, eds.,Goffman Reader(0xford, Blackwell Publ., 1997), 208-227 betler.
5. Kirilina A.V. “О применении понятия тендер в русскоязычном лингвистическом описании” //Филологические науки — М: 2000 -№3. 18- 27 betler
6. Lakoff R. “Язык и место женщины”, 2001.-184 b.
7. Potapov V.V. “Многоуровневая стратегия в лингвистической гендерологии” Moskva, 2001, 325 b.
8. Sabunaaeva M.L., Guseva Yu.E. “Гендерный подход в практике школьного психолога”. В кн.: Практикум по гендерной психологии, 2003
9. Stashkova M.A. “Функционирование пословиц и антипословиц с гендерным компонентом в современном английском языке”, 2015, 27-b.
10. Torebaeva Firuza “Формирование понятия гендера в лингвистике” 79-84 betler.
11. http: //read.newlibrary.ru
12. Wikipedia.com
13. In-academy.uz